CENTRAL ASIAN JOURNAL OF MULTIDISCIPLINARY RESEARCH AND MANAGEMENT STUDIES

Research Article CAJMRMS

Qabul qilindi: 11-sentabr 2026-yil Ma'qullandi: 14-sentabr 2026-yil Nashr qilindi: 18-sentabr 2026-yil

Vol. 3 • No. 9 • 2026

# LIRIKADA GÚZ XRONOTOPÍ POETIKALÍQ KOD SÍPATÍNDA

## ZINATDINOVA G.I.

Qaraqalpaq mámleketlik universiteti

https://doi.org//10.5281/zenodo.22823469

**ANNOTATSIYA:** Lirikadaǵı waqıt hám keńisliktiń tábiyat máwsimleri menen birge sáwlelendiriliwi haqqında belgili rus ilimpazı V. E. Xalizev: «Lirika basqa janrlardan ózine tán ózgeshelikke iye, ol insanlar qálbi hám ruwxı menen baylanıslı janr esaplanadı.

Sonıń ushın, lirikada kórkem waqıt kórinisleri tek súwretlew usılı menen sheklenip qalmaydı, kerisinshe, onı rawajlandıradı. Waqıt hám keńislik lirikanı tolıǵı menen iyelep aladı, ishki sezimlerdi turmıs hám tábiyat máwsimleri menen baylanıstıradı»[1], - degen bolsa, ilimpaz O.Freynberg mınaday pikir aytadı: «insan ózin kóz aldına keltirgen waqıtta óz ómiri menen tábiyat ómiri birdey ekenligin ańlaydı»[2]. Bul óz gezeginde shayırlardıń máwsimlik xronotopqa qatnasında anıq kózge taslanadı. Lirikalıq qaharmannıń ishki dúnyasındaǵı, qálbindegi máwsimler tábiyattaǵı hámmege belgili tórt máwsimge birde únles bolsa, birde ulıwma ózgeshe kórinisti payda etiwi múmkin. Máselen, gúz xronotopın alıp qarayıq.

Lirikada gúz xronotopın beriwdiń dárekleri mifologiyalıq súwretlewlerge barıp ushlasadı. Bul máseleni izertlewshi rus ilimpazı A. B. Esinniń pikirinshe, mifologiyada gúz ólim waqtı sıpatında qáliplesken[3]. XIX ásirge kelip, bul dástúrge ózgerisler kiritildi, shayırlardıń máwsimlik xronotoplarǵa individuallıq qatnası kórine basladı. Máwsimler hám lirikalıq qaharman kewlindegi halat ortasındaǵı qatnas júdá quramalasıp ketiwi lirikanıń emocionallıǵın jáne de kúsheytip jiberdi. Ilimpaz A. B. Esin belgili rus shayırları A. S. Pushkin hán S.Eseninniń dóretiwshiligindegi gúz xronotopın salıstırıp úyrenedi. Xronotoptıń beriliw ózgeshelikleri lirikalıq qaharmannıń pikirlewine hám psixologiyalıq jaǵdayına baylanıslı degen juwmaqqa keledi[4].

Sh.Seyitov lirikasında gúz xronotopı «Keshigip kelgen baxıt yamasa sók haqqında qosıq», «Balalıqtaǵı dostıma», «Tuńǵısh hasıl» sıyaqlı qosıqlarında berilgen. «Tuńǵısh hasıl» qosıǵında lirikalıq qaharman tuńǵısh aqlıǵınıń tuwılıwı menen gúzgi paxtanıń ashılıwın qatar qoyıp súwretleydi:

Paxtam menen shayırlıǵım, shadlıǵım,
Paxtam – ulım.
Ulım meniń ashıldı!
Tuńǵısh uldıń tuńǵıshı ediń, aqlıǵım,
Berdi bul gúz egiz tuńǵısh hasıldı![5].

Dáslepki shuwmaqta aqlıqlı bolǵanına quwanıp atırǵan lirikalıq qaharmannıń ishki sezimleri, quwanıshı, súyispenshiligi berilip atırǵanday seziledi. Biraq, keltirilgen qatarlardı qayta oqıw arqalı bul túsinikte qanday da bir sırlılıq bar ekenligin sezemiz.

Poetikalıq tekstte kórkem waqıt hám keńislik kategoriyalarınıń leksikalıq-semantikalıq, grammatikalıq hám strukturalıq aspektlerin Z. N. Gippius materialları tiykarında arnawlı izertlegen ilimpaz Yu.Danilova poetikalıq tekstlerdegi **kodlanıw** máselesine ayrıqsha dıqqat qaratadı hám bunı «kewil» gilt sóziniń beriliwi mısalında túsindiredi[6]. Shuwmaqtaǵı dáslepki qatardı usınday kodlanǵan belgiler jıyındısı sıpatında qarawǵa boladı. Ne ushın lirikalıq qaharman endi dúnyaǵa kelip atırǵan, óz ómiriniń dawamı bolǵan tuńǵısh aqlıǵın emes, al paxtanı «shayırlıǵım, shadlıǵım» dep ataydı? Bul shayırdıń qosıqqa barınsha siyasiy-publicistikalıq ruwx baǵıshlawınan ba yamasa basqa sebebi bar ma degen sorawlar oqıwshıǵa qozǵaw saladı. Qosıqtıń dawamında shayır :

Kóz ashqalı qırıq jeti gúz – kórgenim! - dep jazadı.

Keltirilgen qatarda lirikalıq qaharman óz ómirin gúzge teńeydi. Usı bir ǵana qatardaǵı «kóz ashqanım» hám

---

[1] Хализев В.Е. Теория литературы. – Москва: Высшая школа, 2002. – С. 347-348.

[2] Насруллаева С. Хронотоп в ранней лирике Анны Ахматовой (книги стихов «Вечер» и «Четки»). Автореферат дисс. канд. филол. наук. – Москва, 1997. – С. 6.

[3] Есин А.Б. Принципы и приёмы анализа литературного произведения. – Москва: Флинта. Наука, 2000. – С. 66.

[4] Есин А.Б. Принципы и приёмы анализа литературного произведения. – Москва: Флинта. Наука, 2000. – С. 67.

[5] Сейитов Ш. Жоллар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. – Б. 34.

[6] Данилова Ю. Категории пространства и временив поэтических текстах З.Н.Гиппиус:лексико-семантический, грамматический,структурный аспекты. Автореф.дисс.канд.филол.наук. – Тюмень, 2007; Данилова Ю.Ю. Семантические модификации и языковые способы выделения ключевого слова «душа» в поэтических текстах З.Н.Гиппиус // Материалы II Всероссийской научно-практической конференции. Казань: РИЦ «Школа». – С. 82-85; Салимова Д.А., Данилова Ю.Ю. Языковые способы выделения ключевого слова душа в поэтических текстах З.Н.Гиппиус. // Этнокультурное пространство региона и языковое сознание: Сб. статьей и тезисов межрегиональной научно-практической конференции. – Тюмень: Изд-во Тюм. гос. ун-та, 2006. – С. 28-31.


© 2026 The Author(s) • CC BY 4.0

«kórgenim» sózleriniń arasına shayır bir adamnıń qırıq jeti jıllıq ómirin sıydıra alıwı, bul ómirdi gúzge uqsatıwı arqalı kórkem waqıt hám keńisliktiń lirikadaǵı sheksiz múmkinshiliklerinen júdá sheberlik penen paydalanǵanın kóriwge boladı.

Waqıtlıq máni beriwde qosıqtıń keyingi shuwmaqlarında «tuńǵısh», «sońǵı» sózleri qollanılǵan. Qosıqta «sońǵı» sózi 4, «tuńǵısh» sózi 24 márte qaytalanǵan. Bul qaytalawlar arqalı shayır qosıqta poetikalıq mazmundı kúsheytip beriwi menen birge joqarıda keltirilgen «Kóz ashqalı qırıq jeti gúz – kórgenim!» qatarındaǵı qırıq jeti jıllıq ómirdiń barlıq kórinisleri, balalıq, jaslıq, shayırlıqtıń baslanıwı, birinshi muhabbat jılları «tuńǵısh» sózi arqalı, al ómirdiń juwmaqlanıwı, ólim, sońǵı pushayman hám ókinishler oǵan antitezalıq mánistegi «sońǵı» sózi arqalı beriledi. Biografiyalıq shıǵarmalarda insannıń tuwılıwınan ólimine shekemgi waqıt súwretleniwi belgili. Bunday úlken kólemdegi waqıyalar bolsa, keń epikalıq bayanlawdı talap etedi. Kórkem ádebiyattaǵı avtobiografiyalıq hám biografiyalıq shıǵarmalardı buǵan mısal retinde keltiriwge boladı.

Ádebiyatshı Q.Orazımbetov shayır Sh.Seyitov dóretiwshiligi haqqında: «Sh.Seyitovtıń shayır sıpatındaǵı eń tiykarǵı ózgesheliklerinen biri – ol bárqulla jańalıqqa umtıladı. Onıń lirikasında forma salasında da, mazmun salasında da basqalarda gezlese bermeytuǵın jańalıqtı kóremiz. Ol prozaǵa sıymaǵan oyların poeziyaǵa sińdirdi, jaydarı qosıq formasına sıymaǵan oyların ózinshe jańa forma tawıp, soǵan engizdi»[7] degen pikir bildirgen edi.

Sh.Seyitov lirikasındaǵı kórkem waqıttı úyreniw barısında biz roman dárejesindegi problemalardıń, biografiyalıq waqıttıń lirikada beriliwine gúwa boldıq. Bunda shayır insannıń pútin ómirin óz ishine alıwshı biografiyalıq waqıttı beriwdiń ózgeshe usılın qollanǵan, yaǵnıy lirikalıq shıǵarma quramındaǵı ayırım qatarlar hám sózlerge úlken poetikalıq mazmun júklegen. Joqarıda keltirilgen «tuńǵısh», «sońǵı» sózleri insan ómirindegi eń este qalıwshı máwritlerdi ózine jámlewshi biografiyalıq waqıttı bildiriwshi semantikalıq birlikler esaplanadı. Qosıqtıń keyingi qatarlarında shayır:

Paxta emes, –
Baxıt biziń jaqta bul,
Baxıt ushın hámmeniń de janı ashır!...[8] dep jazadı da, paxtaǵa ketken adamlardıń miyneti hám ıqlasın tómendegishe súwretleydi:

Jerin ekse,
Suwın tappay tentene,
Zar juwırısqan jawza, júzdiń juwmaǵı!
Kún túnerse kúnnen beter túnerip,
Tas tóbege shapshıp qannıń basımı,
Burshaq penen birge muzlap,
Birge erip,
Búlgen túnler tuttı tuńǵısh hasılın!
Talshıq emes, –
Nervler bul úzilgen!
Aytıslardıń,
Motorlardıń jırı bul! –
Úmit penen perzentine súzilgen,
Mıń táshwishli million kózdiń nurı bul![9].

Xalıq danalıǵında «Miynet baxıt keltirer» degen naqıl qollanıladı. Biraq, miynetten qashpaytuǵın hám qorqpaytuǵın xalıqtıń perzenti paxtaǵa ketken miynetti «óz janıńdı óziń qıyratıw, untaw» degen juwmaqqa keledi. Mámlekettiń shiyki zat jetkeriwshi koloniyaǵa aylanıwı, miynet huqıqlarınıń, ulıwmainsaniylıq principlerdiń buzılıwı, ayaq astı etiliwi, paxta monopoliyası siyasatınıń kúsheyip ketiwi sıyaqlı jámiyetlik-siyasiy jaǵdaylar nátiyjesinde shayır xalıq ushın paxta baxıt emes, apat alıp kelip atırǵanın áshkaralaydı. Epikada sociallıq-tariyxıy waqıt obyektiv bayanlaw arqalı berilse, lirikada lirikalıq qaharmannıń jámiyetlik-siyasiy turmısqa degen subyektiv qatnası, emocional oy-pikirleri, ishki keshirmeleri járdeminde beriledi. Bul haqqında filologiya ilimleriniń kandidantı A.Dosımbetova mınaday pikir bildiredi: «Qosıqta lirikalıq qaharmannıń sezim-tuyǵıların birden ańǵarıw, gúyzelislerin birden túsiniw qıyın. Olar poetikalıq boyawlar artında jasırınıp jatadı. Tuńǵısh aqlıq – bul motiv, ol arqalı avtor paxta monokulturasınıń ústemligin aytıp tur. Tubalawshılıq dáwirdegi xalıqtıń barlıq kún-kórisi, tirishiligi, hátteki, táǵdirler de usı paxtaǵa ǵárezli bolıp qalǵanlıǵın shayır kórkem sáwlelendirgen»[10].

Biz joqarıda tallaǵan Sh.Seyitovtıń «Tuńǵısh hasıl» qosıǵında poetikalıq jaqtan kodlanǵan belgi sıpatında bahalaǵan «Paxtam menen shayırlıǵım, shadlıǵım» degen qatardıń ashılıw gilti hám lirikalıq qaharmannıń óz ómirin gúzge uqsatıwınıń sebebi:

Tuńǵısh gúzgi tuńǵıshınan paxtanıń!
Tuńǵısh gúzde
Tuńǵısh márte bilip qoy:
Peshanańa basılǵanı basılǵan!
Aq paxtasız –
Aq jollarıń ilik ǵoy,
Táǵdirińe jazılǵanı jazılǵan![11] degen qatarlarda kórinedi.

Juwmaqlap aytqanda, óziniń ómiri álleqashan suwıq gúzge aylanǵan lirikalıq qaharmandı aqlıǵınıń da ómiri, táǵdiri ózinikindey bolıwı táshwishke saladı, oylandıradı. Bunı beriwde qosıqtaǵı sózlerden tısqarı punktuaciyalıq belgiler de úlken xızmet atqaradı. Bundaǵı úndew (26 jerde qollanılǵan) emocionallıq kúsheytiwshilik beriw menen birge psixologiyalıq waqıttı bildiriw ushın da qollanılǵan. «Paxtakesh» tamǵası menen jasap, ómiri juwmaqlanıp atırǵan lirikalıq qaharman bul ayanıshlı táǵdir, dáwir, jámiyetlik-siyasiy dúzim dawam etpewin, aqlıǵınıń ıǵbal jolların jawıp taslaǵan siyasattıń toqtawın qáleydi. Onı lirikada qatań belgilep kórsetiw ushın úndew belgisinen nátiyjeli paydalanadı.

## ÁDEBIYATLAR:

1. SAGIDULLAEVA, D. N. THE CHRONOTOPE OF THE «JANNET BA? I (GARDEN OF PARADISE)» IN THE NOVEL OF THE SAME NAME BY KARAKALPAK WRITER AMANGELDI KHALMURATOV. THEORETICAL

[7] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы (1970-2000-жыллар). – Нөкис: Билим, 2004. – Б.136.

[8] Сейитов Ш. Жоллар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. – Б. 35.

[9] Сейитов Ш. Жоллар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. – Б. 35.

[10] Досымбетова А. Отлы сезимлерге, терең пикирлеўге қурылған лирика (Ш.Сейитовтың лирикалық шығармалары ҳаққында) // Әмиўдәрья, 2017, №5.

[11] Сейитов Ш. Жоллар.– Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. – Б. 35.

& APPLIED SCIENCE Учредители: Теоретическая и прикладная наука, (12), 556-559.

2. Zinatdinova, G. I. (2022). The image of closed space in I. yusupov's lyrics.

3. Данилова Ю. Категории пространства и временив поэтических текстах З.Н.Гиппиус:лексико-семантический, грамматический,структурный аспекты. Автореф.дисс.канд.филол.наук. – Тюмень, 2007; Данилова Ю.Ю. Семантические модификации и языковые способы выделения ключевого слова «душа» в поэтических текстах З.Н.Гиппиус // Материалы II Всероссийской научно-практической конференции. Казань: РИЦ «Школа». – С. 82-85; Салимова Д.А., Данилова Ю.Ю. Языковые способы выделения ключевого слова душа в поэтических текстах З.Н.Гиппиус. // Этнокультурное пространство региона и языковое сознание: Сб. статьей и тезисов межрегиональной научно-практической конференции. – Тюмень: Изд-во Тюм. гос. ун-та, 2006. – С. 28-31.

4. Досымбетова А. Отлы сезимлерге, терең пикирлеўге қурылған лирика (Ш.Сейитовтың лирикалық шығармалары ҳаққында) // Әмиўдәрья, 2017, №5.

5. Есин А.Б. Принципы и приёмы анализа литературного произведения. – Москва: Флинта. Наука, 2000.

6. Зинатдинова Г.И. (2019). ОСОБЕННОСТИ СОЗДАНИЯ ОБРАЗОВ ХУДОЖЕСТВЕННОГО ВРЕМЕНИ И ПРОСТРАНСТВА В ЛИРИКЕ Ш.СЕЙИТОВА. Экономика и социум, (9 (64)), 123-125

7. Зинатдинова, Г. И. (2022). ХРОНОТОП «НОЧИ»(НА ПРИМЕРЕ ЛИРИКИ Ш. РАХМОНА И Ш. СЕЙИТОВА). Academic research in educational sciences, (2), 1134-1138.

8. Насруллаева С. Хронотоп в ранней лирике Анны Ахматовой (книги стихов «Вечер» и «Четки»). Автореферат дисс. канд. филол. наук. – Москва, 1997.

9. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы (1970-2000-жыллар). – Нөкис: Билим, 2004

10. Сейитов Ш. Жоллар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. – Б. 34.

11. Хализев В.Е. Теория литературы. – Москва: Высшая школа, 2002.